



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**AMEZI VIL NEW YORK AP ANTRE JODI A NAN PREMYE FAZ RE-OUVÈTI A,
GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL NEW YORK KALIFYE KOUNYE A POU
OPERASYON OCHWA AK SWEN ANBILATWA YO**

Eta a ap ouvri 14 nouvo sit tès tanporè nan legliz ki sitiye nan kominote yo ke COVID-19 la espesyalman afekte nan patenarya avèk Northwell Health ak SOMOS

Yo prevwa Mid-Hudson Valley ap antre nan dezyèm faz nan re-ouvèti a demen epi Long Island toujou sou wout pou antre nan dezyèm faz nan dat mèkredi 10 jen

***Anrejistreman Gouvènè a k ap monte metwo a jodi a disponib [isit la](#) ak [isit la](#);
Foto yo disponib [isit la](#)***

***Konfime 702 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 378,799; Nouvo ka nan 36 Konte***

Amezi Vil New York ap antre jodi a nan premye faz re-ouvèti a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Vil New York kalifye kounye a pou reprann operasyon ochwa ak swen anbilatwa yo. Gouvènè a te anonse dènyeman eta a ap pèmèt pou rekòmanse fè tretman ekstèn ochwa nan konte ak nan lopital yo san risk pou ogmantasyon enpòtan COVID-19 akoutèm.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke eta a ap ouvri 14 nouvo sit tès tanporè nan legliz ki sitiye nan kominote yo ke COVID-19 la espesyalman afekte nan patenarya avèk Northwell Health ak SOMOS Community Care. Eta a kontinye konsantre efò yo sou redui pousantaj enfeksyon COVID-19 la nan katye sansib nan Vil New York yo ke viris la te plis afekte.

Gouvènè a te raple tou Nouyòkè yo ki te patisipe nan dènye manifestasyon yo pou fè tès pou COVID-19. Kounye a genyen plis pase 240 sit tès nan Vil New York epi eta a ap priorize 15 sit tès nan vil la pou moun ki te patisipe nan dènye manifestasyon yo. Gen plis enfòmasyon sou ki kote ak kijan pou teste pou COVID-19 ki disponib nan <https://coronavirus.health.ny.gov>.

Gouvènè a te anonse tou ke yo prevwa Mid-Hudson Valley ap antre nan dezyèm faz nan re-ouvèti a demen 9 jen, epi Long Island sou wout pou antre nan dezyèm faz nan re-ouvèti a nan dat mèkredi 10 jen apre ke ekspè nan sante piblik mondyal yo fin fè yon revizyon done rejyonal yo.

"Jodi a n ap vire paj la sou viris COVID-19 la pandan n ap re-ouvri Vil New York - nou pa te sèlman bese koub la, nou pliye li epi nou te fè li gras ak done ak fè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ou gade kote nou ye kounye a avèk rezilta tè s nou yo epi nou genyen kounye a nivo ki pi ba yo nan eta a depi 16 mas e se poutèt sa mwen konfyan pou di Nouyòkè yo pare pou re-ouvri. Tout pwogrè sa a te fèt gras ak travay di nou epi nou pa ka fè neglijan nan moman an oswa n ap wè chif yo kòmanse tounen ogmante."

Finalman, Gouvènè a te konfime 702 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 378,799 ka konfime nan Eta New York. Nan total 378,799 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,978	17
Allegany	51	0
Broome	624	4
Cattaraugus	95	1
Cayuga	101	0
Chautauqua	101	0
Chemung	137	0
Chenango	135	1
Clinton	97	0
Columbia	414	0
Cortland	42	1
Delaware	85	0
Dutchess	4,006	6
Erie	6,531	45
Essex	39	1
Franklin	23	0
Fulton	227	3
Genesee	208	0
Greene	247	1
Hamilton	5	0
Herkimer	124	1
Jefferson	78	1
Lewis	20	0
Livingston	121	0
Madison	327	0
Monroe	3,203	13
Montgomery	100	0
Nassau	40,947	43
Niagara	1,116	4

NYC	207,353	384
Oneida	1,170	27
Onondaga	2,408	16
Ontario	221	0
Orange	10,523	9
Orleans	256	1
Oswego	115	0
Otsego	75	1
Putnam	1,279	2
Rensselaer	503	1
Rockland	13,340	15
Saratoga	504	2
Schenectady	712	1
Schoharie	54	0
Schuyler	12	0
Seneca	61	0
St. Lawrence	209	0
Steuben	251	0
Suffolk	40,377	48
Sullivan	1,417	2
Tioga	134	0
Tompkins	171	0
Ulster	1,721	3
Warren	257	0
Washington	240	0
Wayne	125	1
Westchester	34,000	46
Wyoming	90	1
Yates	39	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)